

# Premye Rapò EEA a Pou 2023



## Paj 3

BIWO EGZEKITIF ENÈJI AK ZAFÈ ANVIWÒNMAN (EEA) MASSACHUSETTS

PREMYE RAPÒ POU 2023

## Paj 5

2023 te ane ki te fè pi cho depi lè n ap anrejistre chif yo, epi isit nan Massachusetts, kominote nou yo te sibi chalè sa a tou. Yon sechrès te seche teren nou yo, apre sa te gen lapli ki tonbe plis pase tout ane anvan sa a. Te gen baraj dlo ki te kraze epi te gen gwo twou ki te parèt atè a kote dlo t ap koule. Kiltivatè yo te gade pandan tout rekòt yo te pèdi akoz lavalas, akoz fredi, oswa akoz mwazi ki te touye yo. Move tan an te yon rapèl enpòtans ki genyen nan tranzisyone nan enèji ki pwòp. Sepandan, gen anpil rezon pou n nonsèlman gen eswa, men pou n menm chofe. Toutpandan gwo tanpèt sa yo t ap fèt, yo te konstwi premye fèm van Massachusetts la sou lanmè. Pou premye fwa a, te gen plis moun ki achte ponp chalè pase moun ki achte fou gaz. Kominote yo te mete tèt yo ansanm pou yo te diskite ki jan pou yo konstwi yon avni ki dirab. Mwen konnen mwen pale pou tout moun nan Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman an lè m di se yon privilèj e yon onè pou n sèvi moun Massachusetts yo pandan moman kritik sa a nan listwa. N ap prepare yon chemen ki pral mennen nan kouran ki soti nan sous pwòp, kay ki pi bon pou sante moun, ak kòrèksyon pou enjistis anviwònmantal ki te fèt deja. Se te yon ane ki te chaje aktivite epi gen anpil lòt travay pou n fè. Nou fyè pou n prezante yon rezime sou travay nou gentan fè déjà ak angajman nou genyen pou n menm fè plis pandan ane 2024 la.

Sekretè Rebecca Tepper

# Paj 6

LIS SIJÈ YO

DEKABONIZASYON (8)

REZISTANS KONT KLIMA A (10)

JISTIS ANVIWÒNMANTAL AK JISTIS ENÈJI (12)

RESOUS NATIRÈL (14)

ATENN MOMAN AN (16)

EEA A AP AVANSE (18)

EKIP NOU AN (20)

DEPATMAN RESOUS AGRIKÒL 21

DEPATMAN KONSÈVASYON AK DETANT 22

DEPATMAN RESOUS ENÈJI 23

DEPATMAN LAPÈCH AK LACHAS 24

DEPATMAN ITILITE PIBLIK 25

DEPATMAN PWOTEKSYON ANVIWÒNMAN 26

BIWO JESYON ZÒN KOT 27

LAPOLIS ANVIWÒNMAN MA YO 28

ZAFÈ ENÈJI FEDERAL E REJYONAL 29

BIWO LWA SOU POLITIK ANVIWÒNMANTAL MA 30

SANT ENÈJI KI PWÒP MA 31

OTORITE RESOUS DLO MA 32

SIBVANSYON (34)

PWOGRAM MVP YO (36)

# Paj 8

DEKABONIZE

YON FASON KI JIS E KI PA KOUTE TWÒP

MICHAEL JUDGE,

SOUSEKRETÈ ENÈJI

# Paj 9

**DIMINYE, PWOPTE, METE KOURAN**

**ENSTALASYON NAN KAY KI TE KONSTWI DEJA**

Administrasyon Healey-Driscoll la te bay \$27 milyon (M) pou kay nan tout Massachusetts ki dekabonize yon fason ki pa koute twòp; se premye tou nan finansman k ap fèt grasa yon pwogram sibvansyon ki vo \$50 milyon ki pral pèmèt yo diminye sa moun oblige peye pou enèji epi amelyore kalite lè a pou moun ka pi konfòtab.

21 Novanm 2023

**KOMINOTE KI LIDÈ NAN ZAFÈ KLIMA**

Pwogram Kominote ki Lidè nan Zafè Klima a pral ede minisipalite yo diminye lafimen yo pwodui lè yo kreye objektif presi pou chak minisipalite ak lè yo maksimize efikasite biling yo ak sistèm transpò a.

30 Novanm 2023

**LÒD EGZEKITIF No 620**

Yo te kreye Komisyon pou Anplasman Enfrastrikti ak Pèmi pou Enèji ki Pwòp la ki pral fè rekòmandasyon ki pral sèvi pou fè lwa ak chanjman nan lejislati a, yon fason pou fè l pi fasil pou jwenn anplasman pou enèji ki pwòp pandan epòk prentan sa a.

26 Septanm 2023

## **Konsèy pou Modènize Sistèm Elektrik la (GMAC)**

GMAC a te egzamine e bay rekòmandasyon sou plan pou modènize sistèm elektrik Massachusetts la. Li esansyèl pou yo fè bagay yo pi klè epi plis enplike moun ki envèsti nan pwosesis planifikasyon sistèm elektrik la.

20 Janvye 2023

### **Objektif Anrapò ak Enèji ki Pwòp**

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts la (MassDEP) te kòmanse chèche kontribisyon nan men moun ki enplike yo sou diferan opsyon pou ranfòse Objektif Anrapò ak Enèji ki Pwòp Massachusetts la. Opsyon sa yo t ap ogmante kapasite Standa Enèji ki Pwòp la (CES) genyen pou l kòmanse itilize nouvo enèji ki pwòp e pou l asire travay sa yo konte parapò ak objektif Massachusetts genyen anrapò ak enèji ki pwòp.

1 Desanm 2023

### **18 Milyon pou Fòme Travayè yon Fason ki Jis**

Sant pou Enèji ki Pwòp Massachusetts la (MassCEC) te kontinye montre l envèsti nan travayè klima yo lè yo te anonse \$18 milyon pou fòme travayè yon fason ki jis, avèk yon fokis sou biznis kote se fi ak moun ki gen koulè k ap dirije yo ak sistèm van ki sou lanmè.

29 Out 2023

### **MOR-EV**

Depatman Resous Enèji a (DOER) te lanse nouvo rabè pou machin elektrik dezyèm men, plis fon pou moun k ap achte yo si yo kalifye selon revni yo, ak rabè ki disponib jou yo achte yo.

10 Out 2023

### **AKÒ EKRI SOU SISTÈM VAN SOU LANMÈ NAN PLIZYÈ ETA**

Massachusetts te mete ansanm ak Rhode Island ak Connecticut pou egzamine devi yo te jwenn nan men founisè pou fèm van yo pral fè yo, yon fason pou jwenn avantaj lefètke y ap achte angwo, toutpandan y ap tire pwofi nan enfrastrikti zòn nou an.

4 Oktòb 2023

### **GWOUP MINISIPALITE**

Depatman Itilite Piblik la (DPU) te kòmanse yon envèstigasyon epi yo te fè yon konferans teknik pou diminye pwosesis aplikasyon ak apwobasyon an pou aplikasyon pou gwooup minisipalite. Yo te bay

minisipalite yo 13 lòd, sa ki pral asire yo ka ofri elektrisite nan to ki rezonab.

20 Desanm 2023

## DEMANN 3,600 MEGAWAT (MW) KOURAN VAN SOU LANMÈ

Demann Pwopozisyon (RFP) sa a se pi gwo demann kouran solè ki janm fèt nan New England, ki se pou 3,600 MW kouran, plis pase 25% nan kouran eta a bezwen chak ane. RFP a fèt yon fason fleksib pou moun k ap devlope yo e yon fason pou maksimize byenfè pou moun k ap peye kouran yo.

2 Me 2023

## KÒMANN 20-80

Depatman Itilite Biblik la pap pèmèt ratrapaj frè pou enfrastrikti gaz natirèl ankò san yo pa pwouve yo te konsidere lòt opsyon apa de gaz, oswa si se pou elaji rezo gaz natirèl la.

6 Desanm 2023

## KOLABORASYON TRANSMISYON

Administrasyon Healey-Driscoll la te reyisi fòme Kolaborasyon Eta Nòdès yo pou Transmisyon ant Rejyon, yon nouvo apwòch pou planifye transmisyon elektrik atravè plizyè zòn.

16 Jen 2023

# Paj 10

## REZISTANS KONT KLIMA A

### KONSTWI POU L DIRE

"Kriz klima a se youn nan pi gwo defi nou genyen, men gen yon gwo opòtinite pou n bay yon repons.

Nou gen konesans syantifik, done, zouti, ak angajman ki nesesè pou n ede kominate yo konprann ki jan chanjman klimatik gen yon efè sou yo ak ki jan pou yo poze aksyon k ap pèmèt yo pi rezistan e pi pare.

Gouvènè Maura Healey

KATHERINE ANTOS,

## SOUSEKRETÈ DEKABONIZASYON & REZISTANS

\$28M gentan sekirize nan fon Lwa sou Plan pou Sove Amerik la (ARPA) pou Baraj Dlo Amelia Earhart la ak Pak Piblik Draw Seven nan

Lwa sou Plan pou Sove Amerik 2021 an, Depatman Konsèvasyon ak Detant (DCR)

\$20M t al jwenn kiltivatè dirèkteman ki pèdi anpil nan rekòt yo te genyen poutèt move tan an 2023

Pwogram Rekipere Apre Katastwòf Natirèl (NDR) pou Agrikilti, Depatman Resous Agrikòl la (MDAR)

## Paj 11

### RESILIENTMASS

ResilientMass (Massachusetts Rezistan), yon pwogram yo te lanse an 2023, idantifye aksyon gouvènman leta a ka poze pou fasilité rezistans. Antou, ResilientMass detaye 142 aksyon atravè diferan òganizasyon leta yo kontwole piblikman nan resilient.mass.gov. Aksyon kle sa yo gen ladan yo tabli yon Biwo Syans Klimatik, fè lwa leta sou building yo pi rezistan, ak fè mizajou nan prensip dizay Otorite Transpò Be Massachusetts (MBTA) yo.

### RESILIENTCOASTS

An novanm 2023 yo te anonse inisyativ ResilientCoasts la (Zòn Kot ki Rezistan) ki nan Biwo Jesyon Zòn Kot la (CZM) kòm yon strateji istorik ki pou jere efèchanjman klimatik sou zòn kot Massachusetts yo. Se yon nouvo Chèf Rezistans Zòn Kot ki dirije l epi l ap kolabore avèk 78 diferan kominote ki sou kot la. ResilientCoast pral pousuiv yon apwòch ki gen plizyè pwen pou idantifye zouti nan domèn lwa, politik, ak finansman ki pral pèmèt yo devlope solisyon presi ki dirab.

### PREPARASYON POU FEBLÈS MINISIPALITE YO

Pandan Semèn Tè a, Administrasyon Healey-Driscoll la te relanse Pwogram Preparasyon pou Feblès Minisipalite yo a (MVP), ki pran rasin nan jistis anviwònmantal. Inisyativ enteresan sa a soutni kominote atravè eta a pandan y ap planifye e konstwi yon avni ki pi rezistan. Ann out, administrasyon an te anonse sibvansyon MVP ki vo \$31.5 milyon, sa ki gen ladan l sibvansyon pou Bann Mohikan Stockbridge-Munsee yo

pou yo ka rekipere tè zansèt yo.

\$5.6M pou sibvansyon pou repare domaj epi ranfòse enfrastrikti ki sou zòn kot atravè Massachusetts  
Pwogram Reparasyon Baraj Dlo ak Gabyon, EEA

\$25M pou retire 8 baraj dlo ki granmoun nan sant Massachusetts ak nan lwès eta a  
Pwogram Retire Baraj Dlo ak Gabyon, EEA

## Paj 12

### **JISTIS ANVIWÒNMANTAL AK JISTIS ENÈJI**

#### **NOME PREMYE SOUSEKRETÈ POU JISTIS ANVIWÒNMANTAL AK EGALITE**

“Nou nan yon moman trèzenpòtan nan tranzisyone nan enèji ki pwòp, epi nou pa ka kontinye kite kominate moun ki nwa, ki fonse, oswa ki imigran yo dèyè.

Apre plizyè ane òganizasyon sou teren nan kèk nan zòn ki pi sichaje nan eta yo, mwen konnen mwen pap kite yo dèyè. M ap mennen leson sa yo ak moun sa yo ansanm avè m pandan m jwe nouvo wòl sa a pou n ka transfòme awpòch leta pran anvè enèji, anviwònman an, ak sante piblik.”

— María Belén Power, Sousekretè

Jistis Anviwònmantal ak Egalite

MARÍA BELÉN POWER

## Paj 13

### **DEVLOPE PREMYE STRATEJI JISTIS ANVIWÒNMANTAL KI POU TOUT ÒGANIZASYON**

Strateji sa a pral gide tout òganizasyon ki fè pati Sekretarya a pou yo ka konekte avèk kominote yo abitye mete sou kote pandan y ap kreye politik, epi l pral ede yo pi byen konsidere efè ki gen sou popilasyon jistis anviwònmantal yo.

## JWENN FINANSMAN POU JISTIS ANVIWÒNMANTAL NOU POTKO JANM JWENN

Bidjè gouvènè a pou Ane Fiskal 2024 la (FY24) gen ladan l yon nivo fon nou potko janm wè, pa sèlman pou EEA, men tou pou pwogram ak staf presi ki fokis sou jistis anviwònmantal. Chak òganizasyon EEA ap chèche nouvo anplwaye pou favorize priyорite jistis anviwònmantal yo e pou asire bonjan kominikasyon avèk piblik la.

## Paj 14

### BON JESYON RESOUS NATIRÈL YO

### TOUT MOUN KA DISTRÈ ANDEYÒ

Biwo Detant Andeyò a gen kòm objektif fè Massachusetts vin youn nan kote pou distrè yo andeyò ki pi akeyan, ki aksepte tout kalite moun, ki gen divèsite, ki jis, e ki aksesib.

### NOME PREMYE DIREKTÈ BIWO DETANT ANDEYÒ A

“Mwen santi se yon onè pou mwen e mwen chofe pou m jwe nouvo wòl sa a toutpandan Administrasyon Healey-Driscoll la kontinye poze bonjan aksyon pou prezève e pwoteje resous natirèl nou yo pou tout moun ka jwi yo pandan tout ane a.

Nonsèlman detant andeyò esansyèl pou sante fizik nou, sante mantal nou, ak sante sosyal nou, men tou li esansyèl pou sante ekonomik Massachusetts la. Mwen pa ka tann pou m travay avèk lòt òganizasyon leta, kolaboratè prive, ak òganizasyon nonbenefis pou ankouraje moun detann yo deyò nan Massachusetts.”

PAUL JAHNIGE

STEPHANIE COOPER,

SOUSEKRETÈ ANVIWÒNMAN

# Paj 15

## BYEN NOTE

- LWA SOU MAREKAJ AK SOUS DLO
  - (Depatman Pwoteksyon Anviwònman (DEP) Massachusetts)
- PLAN AKSYON POU TÈ AGRICÒL YO
  - (Depatman Resous Agrikòl Massachusetts)
- LWA TITLE 5 YO
  - (Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts)
- LÒD EGZEKITIF SOU KONSÈVASYON BYODIVÈSITE
  - (Lòd Egzekitif № 618: Konsèvasyon Byodivèsite nan Massachusetts)
- FORÈ KÒM SOLISYON POU KLIMA
  - (Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman, Biwo Inovasyon ak Rezistans Klimatik)
- \$13M POU PWOJÈ NAN PAK PIBLIK AK NAN ESPAS OUVÈ
  - (Depatman Sèvis Konsèvasyon)
- \$7.5M POU PWOJÈ KONSEVASYON TEREN
  - (Depatman Sèvis Konsèvasyon)

\$27 MILYON POU FINANSE CHEMEN ARPA

(Depatman Konsèvasyon ak Detant)

# Paj 16

## ATENN MOMAN AN

### PLIZYÈ FOKIS, BAY MOUN POUVWA, KONT POU RANN, AK FAVÈ

Gouvènman se yon kesyon de moun, epi EEA a pa t ap anyen san Depatman Resous Imèn nan (HR). Piske Gouvènè a pran angajman pou l jwenn 1% nan tout bidjè fonksyònman an pou EEA a, nou te envèsti anpil nan HR pou asire EEA a reflete divèsite ak entelijans popilasyon Massachusetts la.

### INISYATIV TRANSFÒME HR (HRTI)

HRTI a re-òganize fason depatman HR EEA a striktire. Inisyativ sa a gen kòm objektif fasilité yon anbyans nan EEA a ki modèn, ki aksepte tout kalite moun, e ki pèfòme nan yon wo nivo.

## ANGAJMAN ANVÈ DIVÈSITE

EEA a devwe pou l pi byen chèche divès kalite moun ki gen diferan koulè po, ki fi, ki ansyen sòlda, e ki gen andikap. Biwo Divèsite, Egalite, ak Enklizyon an (DEI) mete sou pye diferan Plan Divèsite pou diferan òganizasyon leta yo ak plizyè inisyativ ki ogmante DEI, san gen ladan l kolabore plis avèk òganizasyon lokal, poste pozisyon y ap chèche moun pou yo sou divès tablo enfòmasyon, patisipe nan evènman sansiblizasyon, epi amelyore Pwogram Staj EEA a. Ou ka aprann plis sou demografik ekip travay EEA a sou mass.gov/DiversityDashboard.

## Paj 17

### BIWO ZAFÈ FEDERAL E REJYONAL

Administrasyon Healey-Driscoll la te kreye Biwo Zafè Enèji Federal e Rejyonal la anndan EEA a pou avanse tranzisyon Massachusetts ap fè nan itilizasyon enèji pwòp pa mwayen kolaborasyon avèk patnè leta, rejyonal, e federal.

“Ansant ak lòt eta nòdès yo ak kolaboratè federal yo, nou pi byen pozisyon pou n atenn yon avni kote nou itilize enèji ki pwòp lè nou pwofite mete efò nou yo ak entelijans nou ansant.”

Jason Marshall, Depite Sekretè ak Konseye Espesyal pou Zafè Enèji Federal e Rejyonal

“Pandan n ap anvizaje yon endistri enèji ki pwòp k ap byen mache, yon sistèm elektrik ki rezistan, ak mache kouran ki ka transfòme, se kolaborasyon avèk lòt eta ki pral pèmèt nou rive la a.”

Weezie Nuara, Adjwen Sekretè pou Zafè Enèji Federal e Rejyonal

Nou te dirije yon demann devan Depatman Enèji Etazini an pou fòme Kolaborasyon Nòdès yo pou Transmisyon Rejyonal

Nou te reyisi mande yon pozisyon jistis anviwònmantal nan Òganizasyon Entènasyonal pou Standa (ISO) New England, e se premye pozisyon konsa nan peyi a

Nou te dirije efò pou devlope e fasilitè yon pwosesis pou eta New England yo pou jwenn transmision regional

Nou te mete presyon sou Mezon Blanch lan ak Depatman Trezorye a pou yo bay direksyon klè pou asire pwojè van sou lanmè yo kalifye nèt pou kredi taks federal, yon fason pou ede diminye pri kouran van sou lanmè pou kliyan yo

## Paj 18

### **EEA A AP AVANSE FÈ LIVREZON POU MASSACHUSETTS**

An 2023, anplwaye EEA yo ki devwe te fè yon vizit ak anpil diferan espas atravè eta a. Vizit sa yo te itilize yon apwòch mènyèl kote chèf yo te pale avèk kominote lokal yo, yo te evalye domaj ki te fèt ak bezwen ki genyen, epi yo te kolabore sou solisyon ki adapte.

Kit nou t ap simonte defi anviwònmantal, ankouraje teknoloji ki pwòp, oswa avanse efò konsèvasyon yo, jan EEA a angaje l aktivman an te souliye yon angajman nou pran pou n konekte dirèkteman avèk abitan yo ak moun ki enplike yo, yon fason pou n asire fason yo aplike inisyativ nou yo tonbe daplon ak bezwen ak objektif presi divès kominote Massachusetts yo genyen.

#### **TE GEN 433 VIZIT KOMISÈ AK DIREKTÈ AN 2023**

**BONNIE HEIPLE, DEP**

**27 VIZIT AN 2023**

**LISA BERRY ENGLER, CZM**

**10 VIZIT AN 2023**

**ELIZABETH MAHONY, DOER**

**24 VIZIT AN 2023**

**ASHLEY RANDLE, MDAR**

**121 VIZIT AN 2023**

**BRIAN ARRIGO, DCR**

**113 VIZIT AN 2023**

## **Paj 19**

**SEKRETÈ REBECCA TEPPER**

**75 VIZIT AN 2023**

**JAMIE VON NOSTRAND, DPU**

**27 VIZIT AN 2023**

**CECILE FRASER, DPU**

**14 VIZIT AN 2023**

**TOM O'SHEA, DFG**

**55 VIZIT AN 2023**

**STACI RUBIN, DPU**

**30 VIZIT AN 2023**

**FRED LASKEY, MWRA**

## Paj 20

### EKIP NOU AN

### NAN YON KOUDÈY

Sekretè Rebecca Tepper siveye 6 òganizasyon leta yo ki jere anviwònman an, resous natrièl yo, ak enèji. Massachusetts se premy eta nan peyi a ki konbine òganizasyon enèji yo aavèk òganizasyon anviwònman yo anba yon sèl sekretè kabinè.

Pa mwayen jesyon espas ouvè, pwoteksyon resous anviwònmantal yo, ak ogmantasyon enèji ki pwòp, Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman an travay san pran souf pou l fè Massachusetts yon bèle kote pou moun viv, travay, e leve timon.

## Paj 21

### Depatman Resous Agrikòl

### Komisè Ashley Randle

### SA K TE MAKE 2023:

### PLAN AKSYON POU TÈ AGRIKÒL YO

Plan Aksyon pou Tè Agrikòl Massachusetts la, ki se premye plan konsa nan peyi a, se yon inisyativ teknik dirab ki abòde bezwen ak objektif eta a genyen parapò ak tè agrikòl yo, sa gen ladan l ogmante konsèvasyon ak aksè ak tè agrikòl, sekirite nan domèn manje a, rezistans parapò ak klima a, ak jistik anviwònmantal, toutpandan l ap prezèv e elaji fonksyònman ekonomik e anviwònmantal fèm yo atravè tout reydon Massachusetts yo.

### REYAKSYON AK SEKOU APRE INODASYON

Pou reyaji lè te gen gwo inodasyon nan mwa jiyè a, Administrasyon Healey-Driscoll la te tabli Fon Rezistans pou Fèm Massachusetts yo a ki gen kolaboratè nan United Way of Central MA, Community

Foundation of Western MA, ak Community Involved in Sustaining Agriculture. Fon an gentan souve plis pase \$3.2 milyon jiska preznan epi l te bay plis pase 240 fèm nan fon sa yo. Grasa yon alokasyon \$20 milyon nan men Lejislati a, Pwogram pou Rekipere Apre Katastwòf Natirèl la te tabli nan MDAR. Te gen 346 fèm ki te jwenn finansman dirèk pa mwayen pwogram nan pou ede yo rekipere epi ogmante rezistans fèm yo ak fonksyònman yo alavni.

## **JISTIS ANVIWÒNMANTAL/PWOGGRAM AK INISYATIV KI BAZE SOU EGALITE**

Avèk yon nouvo pozisyon kòm Sousekretè Jistis Anviwònmantal ak Egalite, moun ki fè pati popilasyon yo konn meprize yo e ki te toujou sou kote, kounye a yo gen yon plas devan tab la kote yo ka ede gide leta a nan desizyon l ap pran yo epi yo ka ede nou jwenn solisyon. Depatman Sante Bèt la ki nan MDAR la aplike prensip sou Jistis Anviwònmantal anvè pwogram ak sèvis li yo, sa gen ladan l fè kominode Jistis Anviwònmantal yo pi vizib ak byen reyaji lè gen moun ki gen bezwen nan domèn lang.

# **Paj 22**

## **DEPATMAN KONSEVASYON & DETANT**

### **Komisè Brian Arrigo**

#### **SA K TE MAKE 2023:**

#### **KONBAT DIFE**

Nan mwa jen an, DCR te voye 11 ponpye pou ede konbat dife nan forè Quebec, Canada yo. Nan mwa jiyè a, an kolaborasyon avèk Depatman Lapèch ak Lachas la (DFG), depatman an te voye yon lòt ekip ki gen 16 ponpye pou konbat dife yo. Apre sa, DCR la ak DFG a te voye yon ekip ki gen 19 ponpye nan Montana de l'wès pou ede yo konbat gwo dife ki te frape eta a nan mwa out la.

#### **“SUMMER NIGHTS”**

Yo te lanse pwogram “Summer Nights” (Sware Dete yo) DCR la an 2015 pou bay jèn k ap viv nan vil yo okazyon pou yo fè aktivite detant ak edikasyon nan sware. Lè n te wè jan pwogram sa a te mache trè trè byen, ak lè nou te wè evènman li te kreye pou jèn yo ki te san danje, enklizif, e enteresan, nou te deside elají pwogram nan anpil pou l rive nan 84 òganizasyon nan eta a.

#### **ANPLWAYE SOVTÈ**

DCR te anplwaye plis sovtè ann ete 2023 a pase 3 ane ki sot pase yo, sa ki te depase objektif li te genyen pou anplwaye sovtè pa 50.

## KONSTWI LYEN

Pandan ane ki sot pase a, DCR te travay di pou l konstwi konfyans ak lyen avèk moun ki enplike yo ak medya a. DCR te elaji prezans li sou rezo sosyal avèk videoyo ki enteresan pou enstwi piblik la sou pwogram DCR yo, tout diferan responsabilite l genyen, ak fason anplwaye l yo travay pou yo amelyore byennèt abitan yo atravè eta a.

# Paj 23

## DEPATMAN RESOUS ENÈJI

### Komisè Elizabeth Mahony

#### SA K TE MAKE 2023:

#### PWOGGRAM RABÈ MOR-EV A

DOER te elaji pwogram Massachusetts Ofri Rabè pou Machin Elektrik la (MOR-EV) ki te bay 7,947 rabè pou \$26 milyon antou an 2023. Sa gen ladan l fon pou plis pase 90 kliyan ki kalifye sou baz revni yo.

#### SEKSYON 83C PWOTOKÒL AKÒ

Ann oktòb, DOER la te siyen yon pwotokòl akò avèk biwo enèji Connecticut ak Rhode Island yo pou soutni yon apwòch rejyonal pou chwazi kote y ap mete pwojè van. Akò Ekri a (MOU), ki se premye konsa, pral soutni devlopman ekonomik nan rejyon an epi l gen kòm objektif desann frè kliyan yo konn peye yo lefètke yo achte angwo.

#### KOMINOTE KI LIDÈ NAN ZAFÈ KLIMA

Depatman Kominote Vèt la te lanse yon pwogram minisipal ki fèt pou l bay sibvansyon pou pwojè elaji, sa gen ladan l dekabonizasyon ak enèji ki pwòp. Jiska prezan, prèske 30 kominote gen entansyon devlope plan dekabonizasyon minisipal ki nesesè an 2024.

#### KONSEY MODÈNIZASYON SISTÈM ELEKTRIK LA

DOER la te dirije Konsèy Modènizasyon Sistèm Elektrik la ki te gen 17 manm pandan yo te egzamine premye Plan Modènizasyon Sektè Elektrik la epi fè rekòmandasyon detaye ki fokus sou angaje moun

ki enplike yo, amelyore fason yo prevwa, ak lòt opsyon ki pa itilize van.

## ETID REMAKAB

An 2023, DOER la te pibliye 2 gwo etid avèk zouti ki akonpaye yo: Etid Potansyèl Teknik Solè, ki gen yon Kat Istwa moun ka fè rechèch ladan I, devlopman ak planifikasyon rekompans, ak Rapò Stokaj Dirab la ki gen angajman pou finanse pwogram nan.

# Paj 24

## DEPATMAN LAPÈCH AK LACHAS

**Komisè Tom O'Shea**

**SA K TE MAKE 2023:**

## LÒD EGZEKITIF 618 POU KONSEVASYON BYODIVÈSITE

Lòd Egzekitif sa a mande pou DFG a devlope objektif anrapò ak byodivèsite pou yon avni ki favorize lanati an 2030, 2040, ak 2050, san wete byodivèsite nan lanmè. Objektif yo pral fokis sou soutni yon seri plant, bét, ak abita Massachusetts, yon fason pou yo ka sove e fleri toutpandan nou tout gen aksè ak lanati epi nou asire peyizaj la rete rezistan devan move tan alavni.

## WAF LAPÈCH KI AKSESIB

Biwo Aksè ak Lapèch ak Bato DFG a te fin konstwi 2 waf pou fè lapèch ki aksesib ak moun ki andikape sou Rivyè Merrimack, Methuen, ak sou Rivyè Swift, Palmer. Toude waf yo pèmèt moun fè lapèch kòm detant e yo nan kominate Jistis Anviwònmantal (EJ).

## RETABLISMAN BALÈN NWA NAN ATLANTIK NÒ

Depatman Lapèch Maritim nan (DMF) te jwenn \$4.6 milyon nan fon federal pou soutni Retablisman Balèn Nwa ak endistri oma Massachusetts la. DMF la pral itilize fon sa yo, ansam ak yon lòt \$475,000 nan sibvansyon ki soti nan Fondasyon Lapèch ak Bèt Sovaj Nasional la, pou ankouraje devlopman teknoloji ekipman lapèch ki nouvo, ogmantasyon rechèch ak siveyans kontinyèl, ak fè moun nan endistri oma a jwenn ekipman lapèch pou diminye domaj balèn nwa yo sibi.

## PWOGRAM CHASÈ YO PATAJE REKÒT YO

Pwogram Chasè yo Pataje Rekòt yo MassWildlife (Bèt Sovaj Massachusetts) fè a bay okazyon pou chasè ki lisanse yo bay fanmi Massachusetts ki manke manje yo vyann yo te chase. An 2023, chasè

Massachusetts yo te bay plis pase 3,500 liv vyann, yon kantite ki ekivalan ak plis pase 14,000 repa.

## RESTORASYON EKOLOJIK

Depatman Restorasyon Ekolojik DFG a te bay sibvasyon ki vo \$6.8 milyon pou 25 pwojè ki pou restore marekaj ak chan kranbèj, pou retire baraj dlo, e pou ranplase rigo. Pwojè sa yo restore abita ki enpòtan anpil e yo ede moun ak lanati adapte yo ak chanjman klimatik.

# Paj 25

## DEPATMAN ITILITE PIBLIK

**Prezidan Jamie Van Nostrand**

**Komisè Staci Rubin**

**Komisè Cecile Fraser**

**SA K TE MAKE 2023:**

## AVNI GAZ

Lòd 20-80 detaye yon nouvo strateji pou gide evolisyon endistri distribisyon gaz natirèl la anvè enèji ki pwòp. Nouvo strateji a reflete fokis DPU a genyen anrapò ak ede eta a atenn objektif li genyen pou l diminye kantite lafimen li degaje grasa dekabonizasyon, elektrifikasyon, ak adopsyon pwogram tounèf pou nouvo teknoloji toutpandan y ap minimize lòt envèstisman ak depans pou pwoteje kliyan.

## SEKIRITE SOU RAY

Pandan 2023, Depatman Sekirite Ray la te reyisi fèmen plizyè plan kòrèksyon Administrasyon Transpò Federal la (FTA) te bay yo epi yo te jwenn rekonesans nan men FTA a paske yo te fè anpil pwogrè anrapò ak kapasite ak konpetans DPU a antanke yon òganizasyon k ap bay MBTA a siveyans.

Depatman an prèske double kantite anplwaye l genyen epi l devwe pou l facilite transpò ki an sekirite e fyab anba nouvo direksyon.

## REKONÈT SEKIRITE GWO TIYO

Depatman Sekirite Gwo Tiyo a te jwenn 100 kòm yon nòt pafè nan men Administrasyon Sekirite Gwo Tiyo ak Materyèl ki Danjere a lè l te fè verifikasiyon li konn fè chak ane sou Pwogram Sekirite Gwo Tiyo a, sa ki endike nou fè anpil pwogrè depi ensidan Merrimack Valley ki te fèt an 2018 la.

## TABLI GWOUP EGZAMEN APLIKASYON ENTÈKONEKSYON AN (IIRG)

Grasa Lòd 19-55-E, DPU a te tabli yon gwoup travay, kote se moun ki enplike k ap dirije l, pou pale sou defi eta a pral bezwen leve pou distribye entèkoneksyon. Pandan y ap travay avèk Gwoup Egzamen Standa Teknik la, IIRG a pral pote rekòmandasyon kolaboratif, tankou revizyon pou senplifye epi fè pwosesis la pi vit, itilize avans teknik ak inovasyon pou bese depans pou amelyore enfrastrikti, ak yon etid efè distribisyon sou delè ak depans.

## Paj 26

### Depatman Pwoteksyon Anviwònman

#### Komisè Bonnie Heiple

#### SA K TE MAKE 2023:

#### FINALIZE PÈMI BASENVÈSAN / RÈG TITLE 5 YO

Ane sa a, DEP a te devlope yon apwòch anvè pèmi pou basenvèsan epi l te finalize chanjman nan règ Title 5 yo ki dirije sistèm septik. Amelyorasyon sa yo, ki te fèt grasa nouvo règ DEP yo, pral ede nou jere pwoblèm kalite dlo ak fè negatif yo gen sou endistri lapèch ak touris yo.

#### PI BYEN SIVEYE E JERE KLIMA A

An 2023, DEP a te tabli kritè sou rapò pou ekip machin ki gwo sè mwayèn ak pwalou, yon fason pou ankouraje planifikasyon enfrastrikti EV a, pou tabli yon stasyon ki kontwole kalite lè a nan Chinatown ki pral bay abitan yo aksè ak enfòmasyon aktyèl sou kalite lè, e pou adopte Machin Pwòp Avanse II, ki mande pou yo fè yon tranzisyon gradyèl kote nou pral achte machin ki pa bay lafimen ditou nan eta a disi ane 2035.

#### RÈG SOU MAREKAJ AK SOUS DLO

Dokiman Règ sou Marekaj ak Sous Dlo DEP a gen kòm objektif pwoteje vil, bouk, kay, ak biznis nou yo kont gwo efè tanpèt ak inodasyon genyen. Chanjman sa yo nou pwopoze itilize enfòmasyon syantifik ki ajou ak metòd evalyasyon pou gide pwojè e ki pral pèmèt yo prewa efè chanjman klimatik yo e favorize rezistans klimatik.

#### FON POU ANVIWÒNMAN AK KLIMA

DEP a te rive akonpli inisyativ finansye kle li te genyen ane sa a, kote l te jwenn e aloke sibvansyon ak prè ki vo plis pase \$1.4 milya. \$38 milyon nan lajan sa a pral jwenn ti sistèm dlo ki konbat Sibstans Per- e Polifliyore (PFAS), plon, ak pwoblèm kontaminasyon. Yo te bay lòt fon fon pou sibvansyon envèstisman nan machin ki pa degaje anpil lafimen, stasyon kote yo ka chaje machin elektrik, diminye dechè, ak evalyasyon ak netwayaj nan ansyen pwopriyete endistriyèl.

## Paj 27

### **BIWO JESYON ZÒN KOT**

**Direktris Lisa Berry Engler**

**SA K MAKE 2023:**

### **RESILIENTCOASTS**

Inisyativ ResilientCoasts la se yon strateji konplè pou jere efè chanjman klimatik gen sou zòn kot Massachusetts yo. An kolaborasyon avèk 78 kominate eta yo ki sou kot, ResilientCoasts pral pousuiv yon apwòch ki gen plizyè fasèt ki idantifye zouti pou devlope nan domèn lwa, politik, ak finans ki fokis sou solisyon ki dirab.

### **RESTORASYON ABITA SOU KOT**

Nan mwa jen an, CZM te jwenn \$3.7 milyon nan men Jesyon Zòn Kot Pwoteksyon ak Restorasyon Abita Lwa sou Envèstisman ak Djòb nan Enfrastrikti pou 2 pwojè grasa yon pwoesis ki gen anpil konkirans. Fon sa yo pral avanse 2 Pwojè Restorasyon Ekolojik eta a bay priyorite: Manchester-by-the-Sea ak Truro.

### **SIBVANSYON POU REZISTANS ZÒN KOT YO**

CZM te bay \$7.9 milyon pou 19 pwojè lokal ann oktòb pa mwayen Pwogram Sibvansyon Rezistans Zòn Kot yo a pou diminye risk ki gen rapò ak tanpèt, inodasyon, ewozyon, ak ogmantasyon nivo lanmè ki fèt nan zòn kot yo grasa planifikasyon lokal ki aktif ak jesyon litoral yo.

### **SONDAJ POU EVALYE ESPÈS MARIN YO**

Nan mwa out la, CZM te mennen yon ekip espè syantifik ki te vizite marina ant Maine rive Massachusetts pou idantifye ki espès ki natif natal ak ki espès ki vini ki sou waf ki flote yo ak waf ki stab yo. Chak 3 a 5 an depi ane 2000 la, Sondaj Evalyasyon yo te fèt pou detekte ki nouvo espès ki

vini, pou idantifye fason yo chanje an kantite oubyen vin pi deranjan, epi pou konprann distribisyon espès natif natal yo.

## Paj 28

### **LAPOLIS ANVIWÒNMAN MASSACHUSETTS YO**

**Direktè Kolonèl Shaun T. Santos**

**SA K MAKE 2023:**

### **BALÈN NWA / BÈT KI VIV NAN DLO**

Ane sa a, Lapolis Anviwònman Massachusetts la (MEP) te esansyèl nan fè aplike Zòn Fèmen Pyèj/Pòt Balèn pa Sezon an, ki fêt pou pwoteje Balèn Nwa Nò a ki an danje ak yon kantite lòt balèn ak bêt ki viv nan dlo e ki vizite eta a. Ajan yo te retire plis pase 200 pyèj fiks ak chali moun te abandone epi yo te ede yo retire plis pase 400 lòt ankò. Ajan MEP yo te fè moun respekte règ ki mande pou gen yon Espas Lib ki mezire 500 onn parapò ak balèn nwa yo ak limit 10 ne vitès la.

### **PWOGRAM BATONASBLA**

Nan dat 4 jiyè 2023 a, MEP a te akredite ankò nan men Asosyasyon Nasyonal Administratè Lwa Bato Leta a (NASBLA) pou Pwogram Fonksyònman Bato ak Antrènman yo a. An 2012, MEP a te youn nan premye òganizasyon nan peyi a ki te akredite nan Pwogram BOAT NASBLA a. Grasa yon rezo nasyonal ki gen plizyè milye anseyan pwofesyonèl, ajan fòs lalwa, moun ki reponn lè gen ijans, ak volontè, NASBLA afekte lavi plis pase 76 milyon ameriken ki gen bato.

### **EGZAMEN SEKIRITE FWIDEMÈ**

An 2023, MEP a te pase yon egzamen esansyèl Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an te fè, sa ki asire sekirite Mache Fwidemè ant Eta a. Pou reyisi pase evalyasyon an, MEP a te bezwen fè patwouy nan minimòm 364 espas kote fwidemè grandi, yo te bezwen anpeche yo fèmen, epi yo te bezwen kenbe entegrite komès la.

## Paj 29

# BIWO ZAFÈ ENÈJI FEDERAL E REJYONAL

Depite Sekretè Jason Marshall

Sekretè Adjwen Weezie Nuara

SA K MAKE 2023:

## KOLABORASYON POU TRANSMISYON REJYONAL

Nou te mennen yon efò ki te gen ladan I toule 6 eta New England yo, New York, ak New Jersey, ki te sipliye Depatman Enèji Etazini an pou I tabli Kolaborasyon Eta Nòdès yo pou Transmision Rejyonal. Inisyativ sa a, ki san parèy, te elaji pou I gen ladan I Maryland ak Delaware tou, epi I gen kòm objektif eksplor e avanse devlopman enfrastrikti transmision elektrik, fasilitasyon, dekabonizasyon, yon tranzisyon ak enèji ki pwòp ki pakoute twò chè, ak sistèm ki fyab ki pi bon.

## POZISYON JISTIS ANVIWÒNMANTAL ISO-NE

Nou te dirije yon efò atravè plizyè eta pou n kreye yon pozisyon nan ISO New England (NE) ki fokis sou jistis anviwònmantal; se premye pozisyon konsa nan peyi a nan yon operatè sistèm elektrik.

## TRANSMISYON ENÈJI KI PWÒP

Nou te sèvi kòm ko-prezidan Gwoup Travay Transmision Enèji ki Pwòp la, ki te bay Lejislati a yon rapò sou enfrastrikti transmision ki nesesè pou sipòte itilizasyon enèji ki pwòp, san wete sistèm van sou lanmè.

## KREDI POU TAKS POUTÈT SISTÈM VAN SOU LANMÈ

Nou te ede dirije yon efò nan nivo federal la ki te gen ladan I voye lèt bay Mezon Blanch lan ak Depatman Trezorye a, yon fason pou asire pwojè kouran ak van sou lanmè yo kalifye pou yo jwenn Kredi pou Taks Envèstisman, Kredi pou Taks Pwodiksyon, ak Kredi pou Taks Bonis pou ede nou diminye pri sistèm kouran avèk van sou lanmè pou kliyan yo.

Paj 30

## BIWO LWA SOU POLITIK ANVIWÒNMANTAL MASSACHUSETTS LA

Direktris Tori Kim

SA K MAKE 2023:

## **EGZAMEN NOUVO DEVELOPMAN**

Biwo Lwa sou Politik Anviwònmantal Massachusetts la (MEPA) te kontinye fè egzamen anviwònmantal sou novo devlopman nan eta a, sa gen ladan I byen imobilye ak pwojè enfrastrikti piblik yo, kouran avèk van sou lanmè ak lot enèji ki pwòp, ak rezistans zòn kot yo ak restorasyon ekolojik. Antou, nou te egzamine 290 dosye; gen 143 ladan yo ki te ouvo pwojè yo te depoze.

## **ANALIZ JISTIS ANVIWÒNMANTAL**

Selon chanjman ki fèt nan Lwa sou Chemen Klima 2021 an, Biwo MEPA a fè bonjan analiz sou Jistik Anviwònmantal (EJ) kounye a sou pwojè yo pwopoze ki toupre kominote yo abitye meprize. Nou egzamine anviwon 60% nan novo pwojè yo depoze yo ann amoni ak pwotokòl EJ MEPA yo.

## **EGZAMEN PWOJÈ KI EFIKAS**

Biwo MEPE a fyè dèské nou egzamine pwojè yo yon fason ki efikas. An mwayèn, MEPA egzamine tout pwojè yo depoze yo, san wete rapò ki konplèks sou efè sou anviwònman an, nan yon espas 39 jou depi yo fin depoze yo.

## **SANBLE EKIPMAN EYOLYÈN NAN SALEM**

An 2023, Biwo MEPA a te egzamine devlopman yon etablisman wo nivo sou lanmè ki pou sanble pyès pou eyolyèn nan Salem kote yo pral livre epi sanble pyès ak materyèl pou fè eyolyèn, apre sa pou yo pote nan etablisman van an ki sou lanmè a. Yonfwa yon fin fèt, pwojè a pral dezyèm gwo pòtay eyolyèn sou lanmè nan Massachusetts.

# **Paj 31**

## **SANT ENÈJI KI PWÒP MASSACHUSETTS**

### **Direktris Emily Reichert**

### **SA K MAKE 2023:**

### **OGMANTE BIDJÈ A**

MassCEC se yon motivasyon enpòtan pou tranzisyon enèji pwòp la. Pou premye fwa a, MassCEC te fè pati bidjè fonksyònman Gouvènè a, kote I te jwenn \$30 milyon nan novo fon ki rezève pou fòmasyon travayè nan zafè klima, devlopman pwogram rapid, lanse yon pwogram rekompans nan tout eta a pou bisiklèt elektrik, sipò pou konstwi sistèm elektrik, ak ankouraje avansman nan enèji sou lanmè.

## EVALYASYON SOU BEZWEN TRAVAYÈ YO

Nou te pibliye yon evalyasyon enpòtan sou moun k ap travay nan zafè enèji ki pwòp, ki te twouve Massachusetts pral bezwen plis pase 38,000 travayè nan zafè enèji ki pwòp disi fen ane 2020 yo pou n ka atenn objektif nou genyen anrapò ak klima a, sa ki pral ogmante kantite moun k ap travay nan zafè enèji ki pwòp la pa yon to 37 poustan soti nan 104,000.

## EKIP TRAVAYÈ KI JIS & SIBVANSYON POU BIZNIS

Nou te finanse sibvansyon ki vo \$18 milyon ki pral sipòte yon ekip moun ak ti biznis k ap travay nan teknoloji klima, ki fokis sou diminye baryè ki anfas popilasyon yo konn meprize e ki manke reprezantasyon ki pral antre sou mache travay enèji pwòp la.

## CHEMEN KI MENNEN NAN ENÈJI KI PWÒP

An kolaborasyon avèk Biwo Egzekitif Edikasyon an, nou te lanse Chemen Karyè nan Enèji Pwòp la pou pèmèt elèv lekòl segondè yo jwenn okazyon pou yo aprann yon fason mànyèl nan sektè enèji renouvlab la, ki se yon endistri k ap ogmante ki bezwen travayè nan tout Massachusetts.

## SOUTNI PWOJÈ EYOLYÈN VINEYARD LA

MassCEC te franchi yon gwo etap lè nou te soutni konstriksyon pwojè "Vineyard Wind I" an, ki se pi gwo fèm eyolyèn ki gen sou lanmè Ozetazini. Yo te teste lam yo itilize pou pwojè a nan Sant Tès Teknoloji Eyolyèn MassCEC a epi ofiramezi y ap retire I nan Tèminal Komès Marin New Bedford a.

# Paj 32

## OTORITE RESOUS DLO MASSACHUSETTS

### Direktè Egzekitif Fred Laskey

### SA K MAKE 2023:

## ENVÈSTISMAN NAN ENFRASTRIKI

Pou kontinye bay kominate nou sèvi yo dlo ki pwòp, ki san danje, e ki fyab ak sèvis drenaj dlo sal, Otorite Resous Dlo Massachusetts la (MWRA) envèsti anpil nan enfrastrikti l epi l travay pou l ede kominate yo fè menm bagay la. Ane sa a, Plan Amelyorasyon Kapital MWRA a te envèsti \$208.4 milyon, li te fini 15 pwojè konstriksyon, epi l te bay kominate nou sèvi yo sibvansyon ak prè avèk fèb enterè ki vo \$74.2 milyon pou yo ka fè mizajou nan enfrastrikti yo, sa gen ladan l prè yo te bay avèk 0% enterè

ki vo \$7.6 milyon pou retire liy sèvis ki gen plon nan kominote nou yo. Mete sou sa, MWRA a te travay ansanm ak DCR la pou achte e pwoteje 552 "acres" (2.23 kilomèt kare) tè atravè basenvèsan nou yo.

## KONEKSYON AK BURLINGTON

Nan mwa septanm nan, Vil Burlington nan te fin konekte ak sistèm dlo MWRA a. Depi plizyè ane, Burlington te gen difikilte pou l jwenn tout dlo l te bezwen avèk sous lokal yo poutèt kalite dlo yo te bay pwoblèm. Lefèkte yo konekte kounye a ak MWRA a, sa pèmèt Burlington ranplase dlo pi ki pa bon kalite avèk dlo MWRA ki bon kalite. MWRA a te konstwi anviwon 5,200 pye tiyo pou distribye dlo a, yon fason pou fè koneksyon an epi bay anpil lòt kominote nan zòn nan posiblite pou yo jwenn dlo tou.

## ETID SOU AGRANDISMAN SISTÈM

Pou reponn gwo enterè kominote yo te montre anvè antre nan sistèm dlo MWRA a, Otorite a te fè yon etid sou agrandisman sistèm nan pou kominote ki nan Metro West yo. Ann oktòb, Konsèy Direktè MWRA a te otorize yon nouvo etid sou agrandisman pou n ka eksploré fason MWRA ka ede kominote yo nan Basenvèsan Quabbin nan jwenn lòt sous dlo potab yo ka bwè.

## SANSIBLIZASYON AK IDRASYON KOMINOTE A

MWRA a te asiste 140 evènman publik nan kominote atravè zòn nou sèvi a ansanm ak fonten dlo potab li yo ki bay dlo potab gratis ki fre moun ka bwè. Nonsèlman sa pèmèt moun ki asiste evènman sa yo rete byen idrate, men tou li bay yon bèl okazyon pou MWRA kominike avèk abitan yo nan tout kominote li sèvi, konsa l ka ba yo enfòmasyon sou enpòtans sa genyen pou n gen yon sistèm dlo potab ki pwòp e ki fyab.

## Paj 34

### EFÈ EEA GENYEN SIBVANSYON AN 2023

\$215,766,102 YO TE BAY ANTOU

1,813 GRENN SIBVANSYON

Chif nou site yo se pou sibvansyon ekstèn sèlman.

# Paj 35

## PWEN FÒ NAN SIBVANSYON YO:

### PWOGRAM PREPARASYON POU FEBLÈS MINISIPAL

Li soutni vil ak bouk yo nan Massachusetts pou yo planifye pou yo adapte yo ak efè chanjman klimatik genyen ak pwojè rezistans li yo ki priyrite.

TOTAL SIBVANSYON AN: \$31.5 MILYON

30 Out 2023

### PWOGRAM SIBVANSYON POU METE EKIPMAN ENÈJI NAN LOJMAN KI BON MACHE

Pwogram sa a akselere tranzisyon Massachusetts ap fè anvè enèji ki pwòp grasa elektrifikasyon kay, efikasite, ak enèji ki renouvlab, li amelyore sante publik, epi l prezèvè pri lojman ki pa koute chè yo pou abitan yo.

TOTAL SIBVANSYON AN: \$27 MILYON

21 Novanm 2023

### PWOGRAM REKIPERASYON APRE KATASTWÒF NATIRÈL POU AGRIKILTI

Pwogram sa a bay operasyon agrikòl ki te sibi efè youn oubyen plizyè Katastwòf Natirèl ki te fèt an 2023 yo èd finansye pou yo ka rekonstiwi e retabli, avèk objektif soutni sekirite nan travay, rezistans batiman, ak pèmèt pwodiksyon alavni.

TOTAL SIBVANSYON AN: \$20 MILYON

6 Septanm 2023

# Paj 36

### PWOGRAM PREPARASYON POU FEBLÈS MINISIPALITE

“N ap kreye yon gwo chanjman nan fason sosyete a envèsti nan nasyon tribi yo pa mwayen strateji envèstisman nan sistèm endijèn, toutpandan nou rekonèt seri lyen ki gen ant tout bagay ak responsabilite nou genyen anvè moun ki sanzabri yo ak youn lòt. Apwòch nou pran an asire yon kad ki rezistan e ki renouvelé tèt li, depi nan kòmansman an rive nan fen an, ki konstwi sou orijin peyi nou an.”

Shannon Holsey, Prezidan Bann Mohikan Stockbridge-Munsee a

## Paj 37

Pwogram sibvansyon MVP a bay kominote yo finansman ak èd teknik pou soutni yo pandan pwoesis planifikasyon pou rezistans devan move tan e pou poze aksyon ki priyorite pou adapte ak chanjman klimatik.

Ann avril, Gouvènè Maura Healey te lanse Planifikasyon MVP 2.0, ki sèvi kòm pwochen faz la nan pi gwo pwogram nou an. Li ede kominote yo fè Mizajou nan plan yo anrapò ak rezistans devan move tan epi l ede yo aplike plan sa yo, yon fason pou santre sou jistik anviwònmantal ak lòt popilasyon ki priyorite paske chanjman klimatik plis afekte yo.

Pou premye fwa nan istwa MVP a, gen 2 Tribi ki te resevwa fon nan mwa out 2023 a, depi Lejislasyon an te elaji kiyès ki kalifye an 2022.

Nan ane 1800 yo, yo te mete presyon sou Bann Mohikan Stockbridge–Munsee a pou yo te kite lakay yo, epi yo te fòse yo deplase al rete nan Wisconsin. Yo te bay Tribi a yon Sibvansyon Aksyon MVP ki vo \$2.26 milyon pou yo ka reklame 351 “acres” (1.42 kilomèt kare) tè pa yo e pou yo tabli strateji konsèvasyon ak jesyon forè ki pwòp a tribi yo a.